



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

PLESIR ING PESISIR

WISATA KE PANTAI



Penulis : Suciati Ardini Pangastuti

Ilustrator: Heru Aji Jaladara

B3



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024

PLESIR ING PESISIR

WISATA KE PANTAI

Penulis : Suciati Ardini Pangastuti
Ilustrator: Heru Aji Jaladara

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

PLESIR ING PESISIR

Penulis : Suciati Ardini Pangastuti
Ilustrator : Heru Aji Jaladara
Penerjemah : Yogalih Sangaulia Prihambada, S.Pd.
Penyunting : 1. Bahasa Jawa : Avi Meilawati
2. Bahasa Indonesia: Wuroidatil Hamro
Penata Letak : Heru Aji Jaladara

Tim Pelaksana: 1. Wuri Rohayati
2. Wuroidatil Hamro
3. Nindwihapsari
4. M. Haris Ardhani
5. Rino Edrianto

Penerbit

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2024
ISBN 978-634-00-0403-8

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic dan Luckiest Guy.
ii, 18 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Bahasa Menyapa

Hai, Pembaca yang budiman,


Pada tahun 2024 Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta kembali mempersembahkan 97 buku cerita anak seperti yang dilakukan pada tahun 2023. Jika pada tahun 2023 ada sepuluh buku cerita yang bersumber dari manuskrip koleksi Balai Bahasa Provinsi DIY, pada tahun 2024 ini buku cerita sepenuhnya bersumber dari nuansa lokal Yogyakarta dan sekitarnya.

Buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya. Semoga buku ini dapat mendorong minat membaca masyarakat. Selain itu, kami berharap bahwa melalui buku ini, semangat masyarakat dalam melestarikan bahasa daerah makin kuat.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY,

Dwi Pratiwi



Ing dina Minggu pungkasaning liburan sekolah.
Pak Diman, bapaké Aan, ngajak Aan plesir menyang Pesisir
Nguyahan, Gunungkidul. Bu Diman, ibuné Aan ora bisa melu
merga dadakan ana urusan.

Minangka gantiné, Pak Diman ngajak prunané, Sinta
lan Malya kanggo kanca Aan. Sinta umuré undha-undhi karo Aan.
Déné Malya luwih enom limang sasi tinimbang Aan.

Pada minggu terakhir liburan sekolah, Pak Diman, ayah Aan,
mengajak Aan berlibur ke Pantai Ngayahan, Gunungkidul. Bu Dirman,
Ibu Aan, tidak bisa ikut karena ada urusan mendadak.

Sebagai gantinya, Pak Diman mengajak keponakannya, Sinta dan
Malya untuk menemani Aan. Sinta berusia hampir sama dengan Aan.
Sedangkan Malya berusia lebih muda lima bulan dari Aan.




Tekan Pesisir Nguyahan, langité katon padhang.
Srengéngé sumunar kencar-kencar. Bocah telu kuwi
seneng banget.

”Kowé kabèh kena dolanan pasir utawa kecèh
ing segara. Nanging ing pinggir waé, ora kena nengah-
nengah, ombaké mbebayani. Bapak nunggu ing kana,”
ngendikané Pak Diman karo nudingi sawenèhé papan.

Setibanya di Pantai Nguyahan, langit terlihat
cerah. Matahari bersinar terang. Ketiga anak tersebut
senang sekali.

“Kalian boleh bermain pasir atau air laut. Akan
tetapi, di pinggir saja jangan terlalu ke tengah, ombaknya
berbahaya. Bapak menunggu di sana,” kata Pak Diman
sambil menunjuk suatu tempat.




Pak Diman banjur mlaku tumuju séwan payung sing akèh tinemu ing kono. Bocah telu wiwit milang-miling. Bocah-bocah kui golèk panggonan sing kepénak kanggo gawé istana pasir.

“Priyé yèn awaké dhéwé mrana dhisik?” Aan nudingi gumuk karang gedhé sing mrojok menyang pesisir. Papané katon éyup amarga akèh wit-witan ing ndhuwuré.

Pak Diman kemudian berjalan menuju penyewaan payung yang banyak ditemukan di sana. Ketiga anak tersebut mulai melihat ke sana ke mari. Mereka mencari tempat yang nyaman untuk membuat istana pasir.

“Bagaimana kalau kita ke sana dahulu?” Aan menunjuk bukit batu karang besar yang menjorok ke arah pantai. Tempatnya terlihat teduh karena banyak pepohonan di atasnya.



Sinta lan Malya sarujuk. Bocah telu kuwi banjur mlaku irit-iritan tumuju gumuk karang kasebut.

Pilihané Aan pancèn ora salah. Papan sakiwa-tengen watu karang iku éyup lan asri. Pasiré putih lan lembut.

Sinta dan Malya setuju. Kemudian, tiga anak itu berjalan beriringan menuju bukit batu karang tersebut.

Pilihan Aan memang tidak salah. Tempat di sekeliling batu karang tersebut teduh dan asri. Pasirnya putih dan halus.



Sinta langsung kesengsem weruh sesawangan iku. Apa manèh nalika mripaté weruh yuyu cilik-cilik sing ana ndhuwur watu karang. Sinta nyoba nyekel yuyu kuwi.

Ngerti yen ana bebaya, yuyu-yuyu kuwi langsung mlayu. Yuyu ndhelik ing bolongan watu karang. Aan lan Malya ngguyu nyawang Sinta sing kangélan nyekel yuyu.

Sinta langsung terpesona melihat pemandangan tersebut. Apalagi, saat matanya melihat kepiting kecil yang berada di atas batu karang. Sinta mencoba menangkap kepiting tersebut.

Menyadari akan adanya bahaya, kepiting tersebut langsung menghindar. Kepiting bersembunyi di lubang batu karang. Aan dan Malya tertawa melihat Sinta yang kesulitan menangkap kepiting.



Sidané Aan lan Malya uga mèlu-mèlu ngoyak yuyu. Sinta bisa nyekel siji, semono uga Malya. Aan malah ora oleh.

Sawisé yuyu mau bisa kecekel, banjur dilebokaké wadhah. Arupa plastik bening sing digawa saka omah. Bocah telu ngiling-ilingi yuyu ing jero plastik.

Akhirnya Aan dan Malya juga ikut mengejar kepiting.
Sinta berhasil menangkap satu, begitu pula Malya.
Aan justru tidak dapat.

Kepiting yang berhasil tertangkap dimasukkan ke dalam wadah. Wadah berupa plastik bening yang dibawa dari rumah. Tiga anak tersebut memandangi kepiting di dalam plastik.




Yuyu-yuyu mau padha kroncalan péngin metu saka wadhah. Bocah-bocah kuwi dadi rumangsa mesakaké. Sawisé tutug anggoné nyawang, plastik wadhah yuyu banjur dibukak.

“Wis kana, balia maneh ing papanmu! Kumpul karo kanca-kancamu,” aloké Sinta. Yuyu cilik mau banjur diculaké ing papané sakawit, ing cedhak watu karang.”

Kepiting tersebut terlihat berloncatan berusaha keluar dari wadah. Anak-anak itu merasa kasihan. Setelah mereka puas melihat, plastik wadah kepiting dibuka.

“Sana, kembalilah ke asalmu! Berkumpul bersama teman-temanmu,” ujar Sinta. Kepiting kecil tersebut dilepas di tempat semula, di dekat batu karang.



“Ngendikané Bapak, pesisir kéné iki kondhang akèh biota lauté sing unik. Yo, awaké dhéwé mrana nyemplung menyang pinggir segara!” ujaré Aan, tangané nuding arah segara sing angok.

“Kata Bapak, pantai di sini terkenal kaya akan biota lautnya yang unik. Ayo, kita ke sana berenang di pinggir laut!” ujar Aan sembari menunjuk ke arah lautan yang sedang surut.



”Lho, ora sida gawé istana pasir?” pitakoné Sinta.

”O iya, aku lali. Iki gara-gara kowé sakloron ngoyak-oyak yuyu. Yèn ngono, ayo saiki gawé istana pasir dhisik!” Aan mèmsem tipis.

Bocah telu ngudhunaké tas saka gendhongané. Bocah-bocah mau ngetokaké piranti kanggo gawé istana pasir sing wis disiyapaké saka ngomah.

“Lo, tidak jadi membuat istana pasir?” tanya Sinta.

“Oh iya, aku lupa. Ini gara-gara kamu berdua mengejar-ngejar kepiting. Kalau begitu, ayo sekarang kita membuat istana pasir dahulu!” Aan tersenyum tipis.

Tiga anak tersebut menurunkan tas dari gendongannya. Mereka mengeluarkan peralatan untuk membuat istana pasir yang sudah dipersiapkan dari rumah.



Aan, Sinta lan Malya padha andum gaweyan kanggo mbangun istana pasir. Sinta oleh jatah njupuk banyu. Aan lan Malya nglumpukaké pasir. Sawisé kabèh cumepak, anggoné gawé istana lagi diwiwiti.

Wiwitané, pasiré dicampur banyu karebèn gampang dibentuk. Banjur gawé cengkorongan bangunan istana. Sawisé cengkorongan istana dadi, lagi bètèngé dibangun.

Aan, Sinta, dan Malya saling berbagi tugas untuk membangun istana pasir. Sinta mendapat jatah mengambil air. Aan dan Malya mengumpulkan pasir. Setelah semua tersedia, pembuatan istana pasir pun dimulai.

Pertama, pasir dicampur air supaya mudah dibentuk. Setelah itu, membuat kerangka bangunan istana. Setelah kerangka istana jadi, baru membuat bentengnya.



Ora nganti sakjam bangunan istana kuwi wis dadi.
Istana mau katon éndah lan kinupeng bètèng témbok
mubeng, komplit karo gapurané.

Sawisé bosen dolanan pasir, Aan banjur ngajak
njegur segara. Dhèwèké milih sing panggonan cethèk.
Dhèwèké péngin nonton biota laut kaya sing
dicritakaké bapaké.

Tidak sampai satu jam bangunan istana tersebut
sudah jadi. Istana itu terlihat indah dan dikelilingi tembok
benteng, lengkap dengan gapuranya.

Setelah bosan bermain pasir, Aan mengajak berenang
di laut. Ia memilih tempat yang dangkal. Ia ingin melihat
biota laut seperti yang diceritakan ayahnya.




“Pérangan kana kaé sajaké luwih cethèk, aman dijeguri. Buktiné akèh sing padha kecèh ing kana. Coba sawangen,” aloké Aan karo nudingi pesisir sing katon ramé.

“Yo awaké dhéwé mrana!” wangsulané Sinta. Mripaté katon sumunar nyawang segara sing lagi angok. Akèh bocah-bocah sing padha kecèh ing kana.

“Bagian sana sepertinya lebih dangkal, aman untuk bermain. Buktinya banyak yang bermain air di sana. Coba lihatlah,” ujar Aan sambil menunjuk tepi pantai yang terlihat ramai.

“Ayo kita kesana!” jawab Sinta. Matanya terlihat bersinar memandang laut yang sedang surut. Banyak anak yang bermain air di sana.



Bocah telu kuwi nyopot sepatuné. Sepatuné disèlèhké ing pinggir pesisir, rada adoh karo banyu. Banjur padha dhisik-dhisikan nyemplung ing segara.

Kabèh katon kesenengen bisa mlaku-mlaku ing njero banyu segara. Emané rada lunyu, amarga dhasaré watu karang. Mula saka kuwi, bocah-bocah kudu ngati-ati tenan.

Tiga anak tersebut melepas sepatunya. Sepatunya diletakkan di pinggir pantai, agak jauh dari air. Mereka berlomba-lomba masuk ke laut.

Semua terlihat sangat senang dapat berjalan dan berenang di laut. Sayangnya, di dalam laut agak licin karena dasarnya berupa batu karang. Oleh karena itu, mereka harus berhati-hati.




Aan lan Malya mlaku gandhéngan tangan karo cekikikan. Sikilé krasa keré nalika ngidak rumput laut ing ngisoré. Sinta malah ngadoh, golèk papan sing banyuné luwih cethèk manèh.

“Mbak Aan, Malya, mrénéya! Aku nemu kewan anèh,” pambengoké Sinta. Tangané nudingi grumbulan rumput laut ing cedhak sikilé.

Aan dan Malya berjalan bergandengan sambil cekikikan. Kakinya terasa geli ketika menginjak rumput laut yang berada di bawahnya. Sinta malah menjauh, mencari tempat yang airnya lebih dangkal.

“Mbak Aan, Malya, kemarilah! Aku menemukan hewan aneh,” teriak Sinta. Tangannya menunjuk rumput laut di dekat kakinya.



“O, manawa iki sing diarani bintang laut. Coba gatèkna! Kéwan kuwi linggiré ana lima,” kandhané Aan. Dhèwèké lagi sepisan kuwi weruh bintang laut saka cedhak.

Bocah telu kuwi banjur wiwit migatèkaké biota laut liyané sing ana kana. Katon iwak hias sing pating sliri, ana uga kuda laut. Kewan sing belang-belang kuwi ula laut, najan cilik wis duwé wisa.

“O, barangkali ini yang disebut bintang laut. Coba perhatikan! Hewan itu sudutnya ada lima,” kata Aan. Ia baru pertama kali melihat bintang laut dari dekat.

Tiga anak itu mulai memperhatikan biota laut lain yang berada di tempat tersebut. Di sana terlihat ikan hias yang berlalu lalang dan juga kuda laut. Hewan yang berwarna belang-belang itu ular laut, meskipun kecil ia berbisa.



Ora rinasa wektu wis ndungkap soré. Pak Diman mara nyedhak, kongkon bocah-bocah kuwi mentas saka banyu. Wektuné bali, sesuk kudu mlebu sekolah.

Satemené bocah telu kuwi rada gela. Rasané durung tutug anggone nyusuri pesisir, isih akèh sing péngin dideleng. Aan matur marang bapaké, mbesuk yèn prèinan péngin plesir manèh menyang pesisir.

Tidak terasa waktu sudah mulai sore. Pak Diman menghampiri, menyuruh anak-anak itu keluar dari air. Waktunya pulang, besok harus masuk sekolah.

Sebenarnya tiga anak tersebut sedikit kecewa. Rasa-rasanya mereka belum puas menyusuri pantai, masih banyak yang ingin dilihat. Aan berkata pada ayahnya, besok jika liburan ingin berlibur lagi ke pantai.



Biodata

Penulis



Suciati Ardini Pangastuti lebih dikenal dengan nama pena Ardini Pangastuti Bn. Menulis esai, novel dan cerkak termasuk cerita anak. Pernah menerima penghargaan “Rancage”, sebuah penghargaan nasional untuk sastra daerah, dari Yayasan Rancage. Pernah terlibat dalam penerjemahan buku bahasa Jawa ke bahasa Indonesia atau sebaliknya di Balai Bahasa Yogyakarta. Menjadi kurator kemah sastra Tunas Bahasa Ibu tahun 2023 dari Badan Bahasa. Sampai sekarang aktif menulis diperbagai media.

Penerjemah



Yogalih Sangaulia Prihambada S.Pd. (Angga/Yoga Aulia) lahir di Kulon Progo 18 September 2000. Penerjemah sekaligus penulis muda inspiratif yang banyak berkarya dalam dunia fiksi dan cerita ramah anak. Dikenal dengan nama pena Tere Auliye (nama pena Indonesia) dan Hamangkupraga (nama pena Jawa). Saat ini tengah menempuh pendidikan S-2 di salah satu perguruan tinggi negeri di Yogyakarta. Penerjemah dapat di hubungi melalui instagram: [yogaaulia_](#) atau WA : 082324458810.

Ilustrator



Heru Aji Jaladara merupakan seniman komik dan ilustrator asal Yogyakarta. Sedari kecil ia sangat menggemari kegiatan berkesenian terutama menggambar. Tempat kuliner favoritnya adalah angkringan. Ilustrator memiliki hobi *urban sketching* dan memelihara seekor katak yang bernama Galon.

Penyunting Bahasa Jawa




Avi Meilawati adalah seorang pegiat bahasa Jawa yang lahir di Surakarta pada tanggal 2 Mei 1983. Beliau merupakan seorang dosen Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa yang berkegiatan mengajar, meneliti, menulis, dan menjadi narasumber pada kegiatan-kegiatan yang berhubungan dengan bahasa Jawa. Buku yang pernah diterbitkan adalah Metode Pembelajaran Bahasa Jawa.

Penyunting Bahasa Indonesia



Wuroidatil Hamro lahir di Kediri Jawa Timur dan tinggal di Sedayu, Bantul. Dia lulusan S-1 Adab, Bahasa, dan Sastra Arab UIN Sunan Kalijaga. Saat ini bekerja di Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Dia bisa disapa di wuroida@gmail.com.



Akses buku-buku produk penerjemahan lainnya melalui laman:

<https://penerjemahan.kemdikbud.go.id>




MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Ing pungkasan liburan sekolah, Aan, Sinta, lan Malya plesir menyang Pesisir Nguyahan, Gunungkidul. Aan langsung kesengsem nyawang pesisir kasebut. Pasiré lembut, banyuné bening kinclong-kinclong. Bocah telu banjur padha mlaku ing sauruté pesisir. Rékané arep golèk papan sing éyup kanggo gawé istana pasir. Nanging weruh yuyu cilik-cilik sing padha umpetan ing antarané watu karang pinggir pesisir, bocah telu malah banjur padha ngoyak yuyu. Lali karo tujuwané sakawit, yaiku gawé istana pasir. Nanging sawisé yuyu kasil kecekel, bocah-bocah kuwi malah rumangsa mesakaké nyawang rupané yuyu sing katon memelas. Akhiré diculaké manèh ing papané sakawit. Pranyata ora mung yuyu sing ana ing pesisir kuwi. Akèh biota laut liyané sing bisa ditemokaké ing kana. Apa waé jinis biota laut sing diprangguli déning Aan, Sinta, lan Malya ing Pesisir Nguyahan?

Di penghujung liburan sekolah, Aan, Sinta, dan Malya pergi berlibur ke Pantai Nguyahan, Gunungkidul. Aan langsung terpesona memandang pantai tersebut. Pasirnya halus, airnya sangat jernih bagaikan kaca. Tiga anak tersebut kemudian berjalan di sepanjang pantai. Mereka berniat ingin mencari tempat yang teduh untuk membuat istana pasir. Akan tetapi, ketika mereka melihat kepiting-kepiting kecil yang bersembunyi di sela bebatuan karang di pinggir pantai, tiga anak tersebut justru mengejar kepiting. Mereka lupa dengan tujuan awal, yaitu membuat istana pasir. Akan tetapi, setelah mereka berhasil menangkap kepiting, anak-anak tersebut merasa kasihan melihat kepiting yang terlihat sengsara. Akhirnya, kepiting tersebut dilepaskan lagi di tempat semula. Ternyata tidak hanya kepiting yang ada di pantai tersebut. Banyak biota laut lainnya yang bisa ditemukan di sana. Apa saja jenis biota laut yang ditemui oleh Aan, Sinta, dan Malya di Pantai Nguyahan?



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH
REPUBLIK INDONESIA
2024